

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan nya éta tempat nu jadi obyék panalungtikan pikeun meunangkeun informasi. Di mana diieu lokasi téh hirup sakumpulan masarakat anu hétérogén. Nu masarakatna masih kénéh ngajaga tur nagamumulé kana budaya atawa tradisi karuhunna, tur éta tradisi téh masih kénéh hirup nanjeur nepi ka kiwari. Lokasi ieu panalungtikan nya éta Désa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis.

Sacara géografis Désa Mekarsari aya dina *ketinggian* 650 m ti *permukaan laut*. Aya dina suhu maksimal 34°c jeung suhu minimalna 27°c. Anpon wates désa Mekarsari nya éta beulah kulon pawates-wates jeung désa Cisonrol Kecamatan Rancah, beulah wétan jeung Désa Kaso, beulah kidul jeung Désa Tambaksari, jeung beulah kalér pawates-wates jeung Désa Sukasari. Desa Mekarsari kawengku ku lima dusun, kaasup dusun anu jadi lokasi panalungtikan nya éta Dusun Linggaharja. Sedengkeun Dusun-dusun anu séjénna nya éta Dusun Samarang, Dusun Singasari, Dusun Sukajaya, jeung Dusun Bitungsari.

Legana Dusun Linggaharja nya éta 285 Ha, nu batas wilayahna nya éta béh kalér Dusun Samarang, béh kidul Désa jeung dusun Tambaksari, béh kulon Dusun Babakan Désa Kaso, jeung béh kulon Dusun Singasari. Lian ti éta sacara géografis mah Dusun Linggaharja téh dilingkung ku gunung, béh kalér gunung bitung, béh kulon gunung gedogan jeung béh kidul nu *berbatasan* jeung wilayah Cukangbiru nu mangrupikeun *barisan* gunung gedogan.

3.1.1 Kondisi Sosial Budaya Masarakat Desa Mekarsari

3.1.1.1 Démografi

Dumasar kana data nu aya di Dusun Linggaharja taun 2012 jumlah pendudukna nya éta 1.013 urang. Data anu lengkepna saperti ieu di handap:

Tabél 3.1 Jumlah Penduduk di Dusun Linggaharja taun 2012

No.	Jenis Kelamin	Jumlah
1.	Laki-laki	527
2.	Perempuan	395
jumlah		1.013

Dusun Linggaharja dipingpin ku Kepala Dusun sok disebut ogé *lurah*. Sacara administratif Dusun Linggaharja kabagi jadi tilu Rukun Warga (RW) jeung salapan Rukun Tetangga (RT), nya éta RW 1 nu ngawengku: RT 01, RT 02, RT 03, RW 02 ngawengku RT 04, RT 05, jeung RT 06 sarta RW 03 ngawengku RT 07, RT 08 jeung RT 09.

3.1.1.2 Sistem Pakasaban

Saupama ditilik tina géografisna nu mana Dusun Linggaharja dilingkung ku gunung, ku kituna loba pangaruhna pikeun kahirupan pakasaban masarakatna. Nu jadi séktor utama di Dusun Linggaharja nya éta kana widang tataén. Tapi lian ti éta pakasaban masarakat di Dusun Linggaharja ogé aya anu kana miara sasatoan saperti kana sapi, embé, domba, lauk, jeung hayam.

Wincikan pakasaban masarakat Dusun Linggaharja bisa dititénan tina tabél ieu di handap:

Tabél 3.2 Pakasaban masarakat di Dusun Linggaharja

No.	Pakasaban	Persentase
1	Pangsiunan	2,56 %
2	Patani	64 %
3	Peternak	27 %
4	Perikanan	1,77 %
5	PNS	4,34 %

Dumasar tabél di luhur, bisa katitén yén pakasaban masarakat dusun Linggaharja nu lobana 64 % nya éta salaku patani. Satuluyna nu jadi pakasaban

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara Nyacarkeun Jalan Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kaduana nya éta miara sasatoan 27 %. Pakasaban anu persentase pangleutikna nya éta aya dina sektor *perikanan* nu lobana 1,77 %.

3.1.1.3 Sistem Atikan

Sistem pendidikan di ieu désa teu béda jauh jeung désa-désa séjénna, nu mana sistem pendidikanna nyaluyukeun jeung kamekaran jaman. Hususna di Dusun Linggaharja tingkat pendidikan masarakatna geus kawilang alus. Sabab di ieu Dusun geus loba lulusan Perguruan Tinggi. Sok sanajan sarana prasarana nu ngarojóng kana pendidikan ngansakur dimimitian ti tingkat TK, SD jeung SMP di tapi masarakatna kawilang malotékar dina pendidikanna. Nya éta lobana masarakat anu sakola ka luar kota/ kabupatén.

Wincikan tingkat atikan di Dusun Linggaharja saperti dina tabél ieu di handap:

Tabél 3.3 Atikan Masarakat Dusun Linggaharja

No	Atikan	Jumlah	Persentase
1.	SD	395	53 %
2.	SMP	263	35,30 %
3.	SMA	39	5,23 %
5.	Paguron Luhur	48	6,44 %

Masarakat Dusun Linggaharja lolobana lulusan ti SD nya éta aya 395 urang. Bisa katitén tina tabél di luhur yén atikan di Dusun Linggaharja geus kawilang alus nya éta loba masarakatna anu lulusan paguron luhur nu lobana 48 urang dibandingkeun jeung lulusan SMA nu 39 urang.

3.1.1.4 Agama/Kapercayaan

Agama anu diagem ku masarakat désa Mekarsari sakabéhna ngagem agama Islam, kitu ogé jeung masarakat Dusun Linggaharja. Ieu hal bisa ka titén tina ayana jumlah masjid jeung musola di ieu Dusun, nya éta jumlah masjidna aya dua jeung musolana aya lima. Lian ti éta bisa ogé kagambar tina ku ayana majelis ta'lim sarta sok dilakonana rupa-rupa ritual anu ilahar dina agama Islam, saperti

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara Nyacarkeun Jalan Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

solat, puasa, mayar zakat, ceramah agama, pengajian, sarta miéling rupa-rupa poé anu dianggap penting dina agama Islam.

Tapi disagigireun éta, sabagian masarakat Dusun Linggaharja ogé masih kénéh aya nu percaya jeung ngalakonan ritual adat nu aya di saluareun agama Islam. Ieu mangrupa bentuk kayainan masarakat kana tempat-tempat anu dianggap karamat jeung aturan-aturan anu disebut pamali.

3.1.1.5 Basa

Basa nu dipaké ku masarakat Désa Mekarsari hususna masarakat Dusun Linggaharja sapopoéna jeung basa indungna mangrupa basa Sunda. Tapi ku kamekaran jaman jeung téknologi sarta lobana masarakat Linggaharja nu ngalaman pendidikan formal, ngabalukarkeun asupna basa séjén salian ti basa Sunda, saperti basa Indonésia jeung Inggris. Sanajan geus aya basa séjén nu asup ka ieu Dusun, tapi basa anu dominan dipaké dina kahirupan sapopoé ku masarakatna nya éta basa Sunda.

3.2 Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta:


- 1) Kagiatan upacara *Nyacarkeun Jalan*;
- 2) Data ti sesepuh anu aya di Dusun Linggaharja anu apal kana seluk-beluk upacara *Nyacarkeun Jalan*;
- 3) Data ti pupuhu acara upacara *Nyacarkeun Jalan* di Dusun Linggaharja;
- 4) Data ti masarakat di sabudeureun Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis;
- 5) Telaah pustaka nu medar ngeunaan data anu ditalungtik; sarta
- 6) Data-data online anu miboga pakait jeung upacara *Nyacarkeun Jalan*.

3.3 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta peta konsép, atawa rarancang sangkan panalungtikan bisa nyumponan kana tujuan anu dimaksud. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun kieu:

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara Nyacarkeun Jalan Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Gambar 3.1 Desain Panaluntikan

3.4 Método Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif. Métode déskriptif nya éta metode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hiji hal, tanpa nguji hipotesis. Tujuan metode deskriptif nya éta nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta. Hal anu baris dideskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta Ajén Falsafah dina upacara *Nyacarkeun Jalan* nu aya di Dusun Linggaharja Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis

3.5 Wangenan Operasional

1) Ajén Falsafah

Nurutkeun Bakker dina Firman (2012:15) nu disebut ajén falsafah nya éta dadasar kalungguhan tina pamikiran atawa kabudayaan sangakan teu méngpar tina aturan.

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara Nyacarkeun Jalan Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Upacara *Nyacarkeun Jalan*

- a. Upacara asal kecapna tina basa sansakerta nu hartina ngalaksanakeun kabiasaan, palaturan, kadieukeunna mah sok dihartikeun prak-prakan dina riungan atawa gempungan maké aturan tanda panghormat (Danadibrata, 2006: 729).
- b. Dina *Kamoes Soenda-Indonesia* kecap *nyacarkeun* asal kecapna nya éta tina *njatjar* nu hartina ngababad (motong) jukut (Satjadibrata, 1950:380).
- c. Upacara *Nyacarkeun Jalan* rutin dilaksanakeun unggal taun. Ieu acara dilaksanakeun pikeun ngébréhkeun rasa sukur ka Pangéran kana sagala rupa ni'mat, tulak bala, sarta salaku sarana pikeun ménta pituduh ka Pangéran pikeun nyorang mangsa nu rék datang.

3.6 Instrumén Panalungtikan

3.6.1 Rékorder

Rékorder digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara ngarékam wawancara jeung narasumber.

3.6.2 Kaméra Foto

Kaméra foto digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar tur ngadokuméntasikeun gambar dina prak-prakan upacara *Nyacarkeun Jalan*.

3.6.3 Pedoman Wawancara

Nurutkeun Sudjana dina Satori (2009:130) wawancara nya éta prosés ngumpulkeun data atawa informasi ngaliwatan *tatap muka* antara pihak nu ngawawancara (*interviewer*) jeung pihak nu diwawancara (*interviewee*).

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngabntu panalungtik ngawawancara narasumber. Tujuanna nya éta sangkan obrolan bisa museur kana tujuan anu baris dihontal. Dina ieu panalungtikan maké wawancara terstruktur, nya éta:

1) Data Narasumber/ Informan

Data Narasumber	
• Wasta	:
• Umur	:
• Alamat	:
• Pakasaban	:
• Jenis kelamin	:

2) Daftar Patalékan

- a. Naon nu jadi kasang tukang upacara *Nyacarkeun Jalan*?
- b. Naon tujuanna dilaksanakeun upacara *Nyacarkeun Jalan*?
- c. Naon mangpaat dilaksanakeun upacara *Nyacarkeun Jalan*?
- d. Lamun ieu upacara teu dilaksanakeun, naon akibatna?
- e. Hal-hal naon waé anu kudu disiapkeun nalika rék upacara *Nyacarkeun Jalan*?
- f. Naon waé anu kudu aya dina ngalaksanakeun upacara *Nyacarkeun Jalan*?
- g. Aya manat naon anu nyamuni dina upacara *Nyacarkeun Jalan*?
- h. Saha waé anu bisa ngaluuhan upacara *Nyacarkeun Jalan*?

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Aya sababaraha téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan diantarana:

1) Obsérvasi

Nurutkeun Syaodih N dina Satori (2009:105) nétélakeun yén obsérvasi mangrupa hiji téhnik atawa cara ngumpulkeun data ku cara ngayakeun kana kagiatan nu keur lumangsung.

Obsérvasi nya éta kagiatan museurkeun panitén kana hiji obyék ngagunakeun pancadria. Observasi ieu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sacara langsung ka lapangan nya éta ku cara nempo kaayaa daérah katut masarakatna, jeung némpo prak-prakan upacara adatna.

Eva Nurlaela, 2013

Ajén Falsafah Dina Upacara Nyacarkeun Jalan Di Dusun Linggaharja Desa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA Kelas XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2) Wawancara

Berg dina Satori (2009:6) nétélakeun wawancara téh salaku peaguneman anu miboga tujuan, hususna tujuan pikeun ngumpulkeun informasi. Teknik wawancara nya éta teknik pikeun nyangkem bahan lisan (sumber lisan). Sasaran wawancara nya éta informan anu dianggap nyaho kana seluk-beluk Upacara *Nyacarkeun Jalan* nu aya di wewengkon Dusun Linggaharja Kecamatan Tambaksari.

3) Talaah Pustaka

Telaah pustaka digunakeun pikeun meunangkeun informasi ku cara ngumpulkeun data anu aya dina buku-buku sumber anu aya patalina jeung kabudayaan, sarta adat kabiasaan.

4) Studi Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun nabahan réfénsi ku cara ngumpulkeun data anu mangrupa gambar. Hal-hal anu didokuméntasikeunna nya éta ngeunaan upacara *Nyacarkeun Jalan* di Dusun Linggaharja Kecamatan Tambaksari.

3.8 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus ngumpulkeun data, léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Aya sababaraha léngkah anu digunakeun diantarana:

3.8.1 Tahap Tatahar

Tahap tatahar mangrupa tahap anu pangmimitina dina ieu panalungtikan, nu ngawengku:

- 1) ngajukeun judul panalungtikan;
- 2) nyusun rarancang panalungtikan;
- 3) ngadatangan tempat anu baris panalungtikan (*survey awal*);
- 4) konsultasi ka dosén pangaping;
- 5) ngurus surat ijin panalungtikan.

3.8.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Aya sababaraha léngkah dina tahap ngumpulkeun data, nya éta:

- 1) studi pustaka;
- 2) observasi di lapangan;
- 3) wawancara jeung narasumber;
- 4) ngarékam wawancara jeung narasumber; jeung
- 5) ngadokuméntasikeun data-data anu aya patalina jeung upacara *Nyacarkeun Jalan*.

3.8.3 Tahap Ngolah Data

Sanggeus ngumpulkeun data, léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Aya sababaraha léngkah anu digunakeun diantarana:

- 1) mariksa jeung niténan data-data nu geus kakumpul;
- 2) milah-milah data dumasar kana kaperluan panalungtikan; jeung
- 3) nyusun laporan panalungtikan.
- 4) ngadéskripsikeun data anu dimeunangkeun, utamana ngeunaan ajén filsafat dina upacara *Nyacarkeun Jalan*.

3.8.4 Tahap Nyusun Laporan

Nalika data geus diolah, satuluyna data anu geus dimeunangkeun tuluy disusun jadi laopran. Laporan anu dimaksud di dieu nya éta skripsi, ku kituna aturan penyusunanna dumasar kana aturan penyusunan skripsi.